

Sivil –Seksyon Sivil Espesyal - Repons ak Kontrekare yon Reklamasyon, Reklamasyon Tyès Pati ak/oswa Yon Plent pou Asiyen yon Tyès Pati
Mizajou Jiyè 1, 2022



Kijan pou reponn yon Plent nan Pati Sivil Espesyal la ak Kontrekare yon Reklamasyon, Reklamasyon Tyès Pati/ak oswa Yon Plent pou Asiyen yon Tyès Pati

How to Answer a Complaint in the Special Civil Part with a Counterclaim, Cross-claim and/or Third Party Complaint - Haitian Creole

Kimoun Ki Gen dwa Itilize Blòk Done Sa a?

Ou gendwa itilize blok done sa a si yap asiyen ou nan Pati Sivil Espesyal la pou yon montan lajan rive jiska \$20,000 epi w ta renmen Kontrekare yon Reklamasyon, prezante yon Reklamasyon Tyès Pati, ak/oswa Yon Plent pou Asiyen yon Tyès Pati (W ap jwenn definisyon tout tèm sa yo nan paj 5). Si w pa prezante yon Repons nan delè ki espesifye nan Manda Konparisyon a, ki akonpaye Plent la, Yo ta kab emèt yon jijman monetè kont ou.

Remak: Si w pap Kontrekare yon Reklamasyon kont pleyan a oswa yon reklamasyon kont yon lòt moun, ou fèt pou itilize ak blok done nimewo [10542 - Kijan pou reponn yon Plent nan Pati Sivil Espesyal la](#) (How to Answer a Complaint in the Special Civil Part).

Egzijans Jeneral yo:

1. Ou fèt pou Reponn tribinal la nan yon delè de 35 jou apati de dat yo voye Manda Konparisyon a ba w. Dat sa a parèt sou manda w resevwa a. Repons ou fèt pou akonpaye de frè ki koresponn la, oubyen si w pa gen mwayen pou peye frè pou depoze ka a, yon demann pou egzansyon frè. Pou prezante yon demann egzansyon itilize blok done [11208 - Kijan pou Prezante yon demann pou Egzansyon Frè-Tout Tribunal](#) (How to File for a Fee Waiver - All Courts), ke w ap jwenn nan Sant Oto Asistans ki nan [njcourts.gov](#). (Ou fèt pou voye fòm sa a nan menm moman kote w ap prezante Repons ou a.)
 - a. Frè pou prezante yon Repons ak Kontrekare yon Reklamasyon, Reklamasyon Tyès Pati ak/oswa Yon Plent pou Asiyen yon Tyès Pati kote ou pretann ke domaj yo pou **\$5,000 oswa mwens** ke \$50.00 ak yon frè adisyonèl de \$5.00 pou chak akize tyès pati.

- b. Frè pou prezante yon repons ak Kontrekare yon Reklamasyon, Reklamasyon Tyès Pati ak/oswa yon Plent pou Asiyen yon Tyès Pati kote ou pretann ke domaj yo **depase \$5,000.00** se \$75.00 ak yon frè adisyonèl de \$5.00 pou chak akize tyès pati.
 - c. Si Repons ou enkli yon Plent kont youn Tyès Pati, ou fèt pou peye yon \$7.00 adisyonèl kom frè sèvis pou chak tyès pati ki akize (pou chak akize nouvo ke w ap ajoute)
2. Si w gen prèv ki demonstre ke w pa dwe montan ki reklame a, kankou resi, kenbe dokiman orijinal yo epi prezante avek yo nan jijman a.
 3. Ou fèt pou voye yon kopi Repons ou ba pleyan pa lapòs rekomande ak lapòs nòmal si pleyan a pa gen avoka. Si pleyan a gen avoka, ou fèt pou voye yon kopi Repons la ba avoka a pa lapòs nòmal.
 4. Chak moun yo asiyen fèt pou prezante pwòp Repons pa li.
 5. Repons an non yon KÒPORASYON, ANTREPRIZ AK RESPONSABILITE LIMITE oswa ASOSYE LIMITE nan yon asosyasyon limite fèt pou depoze pa yon avoka si montan y ap mande a nan ka a depase \$5,000.

Remak: Se Biwo Administratif Tribunal Nyoudjèze ki prepare dokiman sa yo pou moun kap reprezante tèt yo poukонт yo. Gen mizajou ki fèt nan direktiv yo, eksplikasyon yo ak fòm yo chak peryòd pou montre dènye lwa Nyoudjèze ak règ tribunal yo. Dènye vèsyon **fòm yo** ap disponib nan palè jistik konte a oswa nan sit Entènèt Sistèm Lajistik [njcourts.gov](#). Men, se oumenm ki finalman responsab pou kontni tout dokiman papye ou pral prezante ba tribunal la.

Tout fòm konplete fèt pou soumèt nan Pati Sivil Espesyal nan konte kote ou te depoze ka w an. Yon lis sou Biwo Pati Sivil Espesyal la (Special Civil Part Offices**) disponib nan kontwa kliyan ak nan sitwèb [njcourts.gov](#).**

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribunal la fèt pou an angle.
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English.

Bagay pou Reflechi Anvan ou Eseye Reprezante tèt ou nan Tribunal

Eseye Angaje Yon Avoka

Sistèm jidisyè kab gen anpil konfizyon epi li ta yon bon lide pou angaje yon avoka si w kapab. Si w pa gen mwayen pou angaje yon avoka, ou ta mèt kontakte pwogram Sèvis Legal konte w an pou wè si w kalifye pou resevwa sèvis legal gratis. W ap jwenn nimewo telefòn la sou liy yo anba "Legal Aid oswa "Legal Services".

Si w pa kalifye pou sèvis legal gratis epi w bezwen èd pou jwenn yon avoka, ou kab kontakte asosyasyon bawo ([Lawyer Referral Service](#)). Sèvis Referans Avoka ki fè pati Bawo Konte a kab founi w ak tout non avoka ki nan zòn ou an, ki dispoze jere tip ka w an an patikilye epi tou ki pafwa takab ba w yon konsiltasyon a pri redwi.

Genyen tou yon seri òganizasyon avoka minorité atravè Noudjèze, ansanm ak òganizasyon avoka ki jere tip de ka espesyalize sa yo. Mande youn nan anplwaye Tribunal Siperyè a yon lis tout sèvis referans avoka ki enkli tout òganizasyon sa yo.

Kisa Ou Ta Dwe Espere Si W Reprezante Tèt Ou Poukont Ou

Menmsi w gen dwa pou reprezante tèt ou poukont ou nan tribunal la, ou pa ta dwe espere tretman espesyal, èd oswa atansyon tribunal la. Ou oblige obeyi tout Règleman tribunal la, menm si ou abitye avèk yo. Sa ki anba la a se yon lis kèk bagay anplwaye tribunal la kapab epi pa kapab fè pou ou. Tanpri li lis la avèk anpil atansyon anvan ou mande anplwaye tribunal la pou ede ou.

- Nou *kapab* ba w eksplikasyon epi reponn kesyon ou yo sou fason tribunal la fonksyone.
- Nou *kapab* di w ki sa tribunal la egzije pou li konsidere dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk enfòmasyon ki nan dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk modèl fòm tribunal la ki disponib.
- Nou *kapab* gide w nan ranpli fòm yo.
- Nou *kapab* reponn kesyon ou yo anjeneral konsènan dat limit yo nan tribunal la.
- Nou *pa kapab* ba w konsèy legal. Se avoka w sèlman ki kapab ba w konsèy legal.
- Nou *pa kapab* di w si w ta dwe ou pa, prezante yon ka nan tribunal.
- Nou *pa kapab* ba w yon pwendvi sou sa k ap pase si w prezante dosye ou nan tribunal.
- Nou *pa kapab* rekòmande yon avoka, men nou kapab ba w nimewo telefòn yon sèvis referans avoka zòn nan.
- Nou *pa kapab* pale avèk jij la sou sa k ap pase nan ka w.
- Nou *pa kapab* kite ou pale avèk jij la deyò tribunal la.
- Nou *pa kapab* chanje yon lòd jij la bay.

Kenbe Kopi Tout Papye Yo

Si ou pa angaje yon avoka epi w ap reprezante tèt ou epi kenbe pou tèt ou, asire w byen ke w kenbe tout kopi fòmilè ranpli yo ak tout chèk ki touche, money orders, tout resi de vant, bòdwo, kontra, devi, lèt, kontra lokasyon, foto, ak tout lòt dokiman empòtan ki gen pou wè ak dosye w an.

Definisyon kèk mo yo itilize nan blòk done sa a

Repons (Answer) - Se *Repons* akize a alekri a tout akizasyon ki parèt sou Plent la, ki eksplike pouki w panse ou pa dwe lajan ba lòt pati a nan ka a.

Ko-Akize(Co-Defendant) - Yon *Ko-akize* se yon lòt akize ke pleyan a asiyen nan Plent la.

Plent (Complaint) - *Plent* la se yon dokiman kote Pleyan a bay tribinal la yon deskripsyon tou kout the done yo ki bay Pleyan a dwa pou resevwa solisyon lap mande a.

Kontrekare yon Reklamasyon (Counterclaim) - *Kontrekare yon Reklamasyon* se yon dokiman kote (w) akize a prezante ba tribinal la vèsyon done pa w epi w eksplike pouki w panse Pleyan a dwe w lajan nan ka a.

Reklamasyon Tyès Pati (Cross-claim) - Yon *Reklamasyon Tyès pati* se yon reklamasyon yon akize fè ki di ke se ko-akize a ki responsab domaj pleyan a sibi.

Pa defo (Default) - Lè akize a pa reponn Plent la nan delè espesifye a nan Manda Konparisyon a, tribinal la ap make akize a an defo otomatikman poutèt li pa reponn Plent la. Yon fwa tribinal la finn emèt yon defo, jij la ta kab emèt yon jijman monetè an favè Pleyan a. Menm jan tou, si pleyan a pa prezante nan tribinal, tribinal la ta kab anile ka pleyan poutèt li pat pouswiv ak ka a.

Akize (Defendant) - *Akize* a se moun yap asiyen a.

Depoze (File) - *Depoze* vle di se soumèt tout fòm ak frè ki koresponn yo ba tribinal la pou tribinal la kab komanse konsidere posizyon ou oswa demann ou an.

Entewogatwa yo (Interrogatories) - *Entewogatwa* se yon lis kesyon Pleyan ak/oswa akize a prezante pou li mande yo founi li ak enfòmasyon konsènan ka a ki mande yon repons alekri de pati ki resevwa manda konparisyon a.

Jijman (Judgment) - *Jijman* a se desizyon ofisyèl tribinal la sou dosye a.

Demann (Motion) - Yon *demann* se yon petisyon alekri kote w mande tribinal la pou li emèt yon lòd, oswa chanje yon lòd ke li déjà emèt

Lòd (Order) - *Lòd* la se yon papye siye pa jij la ki di yon moun sa yo dwe fè.

Pati (Party) - Yon *pati* se yon moun, biznis, oswa ajans gouvènmantal ki nonmen nan ka a.

Plenyan (Plaintiff) - *Pleyan* a se moun ki depoze reklamasyon a

Dat Retou (Return Date) - *Dat retou* se nan dat yo mande pleyan ak akize a konparèt nan tribinal.

Definisyon kèk mo yo itilize nan blòk done sa a (kontinye)

Sèvis (Service) - Sèvis se voye tout kopi papye w yo pa lapòs ba avoka lòt pati a oswa ba lòt pati a si pa gen avoka.

Manda Konparisyon (Summons) - Manda Konparisyon se papye ki notifye akize a ke yap asiyen li epi ki bay yon eksplikasyon tou kout de pazaswiv yo ke li bezwen pran yon fwa li finn resevwa avi a.

Plent kont Tyès Pati (Third Party Complaint) - Yon *Plent Tyès Pati* se yon plent ke akize a depoze kont yon twazyèm (nouvo) pati ki swadizan di ke twazyèm pati sa a se li ki responsab pou tout oswa pati nan reklamasyon ki an konfli a.

Pazaswiv nimewote ki endike anba la a di w ki fòm w ap bezwen ranpli ak sa pou fè avèk yo. Ou ta dwe tape chak fòm oswa ou ta dwe ekri aklè sou yo an lèt detache sou papye blan 8 ½" x 11" sèlman. Ou pa ka ranpli fòm yo sou yon papye ki gen diferan dimansyon oswa yon diferan koulè.

Pazaswiv pou Depoze Repons Ki genyen ladann Kontrekare yon Reklamasyon, Reklamasyon Tyès Pari nan Pari Sivil Espesyal la

PA 1: Ranpli Repons ak Kontrekare yon Reklamasyon, Reklamasyon Tyès Pati ak/oswa Reklamasyon pou Asiyen yon Tyès Pati (Answer with Counterclaim, Cross-claim and/or Third Party Complaint) (Fòm A)

Ranpli Repons la ak Kontrekare yon Reklamasyon, Reklamasyon Tyès Pari ak/oswa Reklamasyon pou Asiyen yon Tyès Pari kap repons ou alekri de Plent la, kote w eksplike Tribunal la pouki w panse w pa dwe lajan ke moun kap asiyen ou an ap mande ak pouki se yon lòt moun ki responsab. W ap jwenn tout enstriksyon detaye yo sou kijan pou ranpli Repons la nan paj 10.

PA 2: Peye Frè pou Depoze Reklamasyon a

Yon chèk oswa Manda Postal pou \$30 ki fèt sou non de: *Treasurer, State of New Jersey* oubyen si wap depoze reklamasyon a atravè sistèm Dokiman Jidisyè Elektwonik la (JEDS) ou kab sèvi ak yon kat kredi. Si w pa gen mwayen pou peye frè pou depoze reklamasyon a, anekse demann pou egzansyon frè a ([CN 11208](#) ke wa va jwenn nan [njcourts.gov](#)).

PA 3: Ki kote pou w Depoze yon Repons ak Kontrekare yon Reklamasyon, Reklamasyon Tyès Pati ak/oswa Reklamasyon pou Asiyen yon Tyès Pati

Ou fèt pou depoze Repons ou nan Biwo Pati Sivil Espesyal la nan konte kote ka a te prezante kont ou. Tcheke Manda Konparisyon ke w resevwa a de tribunal la pou jwenn adrès la.

PA 4: Tcheke fòm ou ranpli a

Tcheke fòm ou an epi asire w byen ke li byen ranpli. Retire tout paj enstriksyon yo. Asire w byen ke w siyen fòm la epi tou ke w mete non ou, adrès ak nimewo telefòn ou.

LIS TOUT SA POU FÈ: Ou fèt pou genyen tout bagay sa yo an lòd:

— *Answer with Counterclaim, Cross-claim and/or Third Party Complaint* (Repons ak Fòm pou Kontrekare yon Reklamasyon, Reklamasyon Tyès Pati ak/oswa Fòm Reklamasyon pou Asiyen yon Tyès Pati) (Fòm A)

— Frè pou depoze ka a swa an chèk oubyen manda postal, peyman elektwonik ak kat kredi, oswa demann egzansyon frè a. Pa voye lajan kash pa lapòs. Ou kab peye kash si w ap peye an pèsòn, men ou fèt pou kenbe resi anplwaye tribunal la remèt ou pou dosye w.

PA 5: Voye pa lapòs oubyen Fè livrezon blok done tout dokiman ranpli yo ba tribinal la, pleyan ak nenpòt ki ko-akize oswa akize tyès pati yo.

Ou kab soumèt Repons atravè sistèm Elektwonik JEDS la, an pèsòn oubyen ou kab voye li pa lapòs. Si w voye Repons ou pa lapòs ba tribinal la nou rekomande ke w fè li pa lèt rekomande, ak resi ke yo resevwa li. Ya va founi w ak yon resi vèt ka va sèvi kom prèv ke w te voye repons ou ba tribinal la pa lapòs. Biwo lapòs kab di w kijan pou voye yon lèt rekomande ak demann pou resi.

Ou fèt pou voye yon kopi ba chak avoka pati yo pa lapòs oswa ba chak pati pa lèt rekomande oswa lapòs nòmal si pati a pa gen avoka. Si reklamasyon a nonmen yon lòt moun (an plis de w menm) antan ke akize, ou fèt pou voye tou kopi Repons ou ba moun sa a.

Si Repons w gen ladann yon Plent kont yon Tyès Pati w fèt pou ranpli Fòm Manda Konparisyon DC (Apendiks XI-A (1). Fòm sa a disponib sou sit web njcourts.gov.

Tribinal la ap voye tout Kopi Manda Konparisyon, Repons ou ak Plent pou Asiyen yon Tyès Pati **ki fèk sot ajoute a.**

- Fè sifizaman kopi Repons la pou ka gen youn pou tèt ou ak yon lòt pou avoka lòt pati yo. Si lòt pati pa gen avoka, fè bon kou kopi pou ka gen kopi pou chak pati nan ka a.
- Voye pa lapòs oswa fè livrezon Repons Orijinal la ba tribinal la.
- Voye pa lapòs oswa fè livrezon yon kopi ba chak avoka lòt pati yo oswa ba chak moun nan pati si yo pa gen avoka.

PA 6: W ap resevwa dat jijman a

Aprè w finn depoze Repons ou nan tribinal la, wa va resevwa yon notifikasyon pa lapòs ak dat ou fèt pou konparèt nan tribinal la. Yap notifye pleyan a tou pou li konparèt nan menm dat la. Ou fèt pou konparèt nan tribinal nan dat sa a; si w pa konparèt tribinal la kab deklare w an defo epi li kab emèt yon jijman kont ou, epi tou w ta ka pèdi ka a.

Si w pa kab prezante nan dat ki fikse a poutèt sikontans ke w pa ka kontwole, ou fèt pou kontakte pleyan a (ansanm ak tout lòt pati yo) pou mande li konsantman li pou ranvwaye dat la. Yon fwa w finn kontakte pleyan a ou kab kontakte tribinal la pou notifye li de repons pleyan a ak demann pou ranvwaye dat la. Si pleyan a pata konparèt, yo kab anile ka a.

Lòt Konsiderasyon

Entewogatwa yo

Si w ta resevwa yon lis kesyon (*entewogatwa*) de pleyan a, ou fèt pou reponn ak remèt yo ba pleyan a nan yon delè de 30 jou. Si w pa fè li, tribinal la ta kab pran yon desizyon kont ou epi siprime (anile) repons pa w. Lè sa a, w ap bije depoze yon petisyon alekri

kote w ap notifye tribunal la ke w reponn tout kesyon yo epi mande tribunal la pou li reouvri dosye a epi re-aksepte repons ou. Frè pou restore dosye a se \$25 si w prezante yon petisyon nan delè 30 jou de lòd sipresyon a; aprè 30 jou, frè restorasyon an se \$75. Aprè 45 jou tribunal la kab deside pou li fè lòd sipresyon a yon lòd definitif epi emèt yon jijman pa defo kont ou san li pa menm tandem vèsyon pa w an.

Akize a gendwa voye yon lis entewogatwa ba pleyan a. Plent pleyan a ta kab anile si yo pa reponn kesyon ki nan entewogatwa a nan yon delè de 30 jou tou. Pou egzanp kesyon entewogatwa yo al nan [CN 11895 - Model Interrogatories in Special Civil Part Contract and Debt Collection Cases in Which the Demand Exceeds \\$5,000](#) (nan lang angle) sou [njcourts.gov](#).

Negosyasyon sou Antant

Tribinal la pwobableman ap mande w pou eseye rezoud ka a ak èd yon medyatè jou jijman a anvan jijman a komanse. Ou ta kab byen vle kontakte avoka pleyan a tou, oswa pleyan a, si li pa ta gen avoka, pou rezoud dispit la poukont ou anvan dat jijman a. **Ou pa oblige fè sa, amwens ke w ta vle fèl.** Mèzalò, negosye ak pleyan a oswa avoka pleyan a pap rete peryòd 35 jou pou depoze yon repons amwens ke ta gen yon antant alekri ki ta fèt ant ou menm ak pleyan ki ta depoze nan tribunal la anvan echeyans peryòd 35 jou yo.

Sistèm Jidisyè ap fè aranjman rezonab pou pèmèt nenpòt moun andikape jwenn aksè ak patisipe nan tout evenman jidisyè yo. Tanpri kontakte Kowòdinatè ADA a pou mande yon aranjman espesyal. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](#).

Sistèm Jidisyè Nyoudjèze a founi sèvis entèprèt. Si w bezwen entèprèt, notifye tribunal la le pli vit posib. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](#).

Enstriksyon sou kijan pou Ranpli Repons pou Kontrekare Reklamasyon, Reklamasyon

Tyès Pati ak/oswa Plent pou Asiyen yon Tyès Pati (Fòm A)

(Special Civil Answer with a Counterclaim, Cross-claim and/or Third Party Complaint (Form A))

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumetèt ba tribinal la fêt pou an angle.

Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English.

- A.** Akize a/*defendant, se w*, moun y ap asiyen a, epi pleyan/*plaintiff* se moun kap asiyen ou an.
- B.** Nan pati gòch anlè fòm anba seksyon ki make *Filing Attorney Information or Pro Se Litigant*, ekri non ou, adrès ou, nimewo telefòn lajounnen ak adrès imèl ou. Si w pa avoka, kite pati ki make *NJ Attorney ID/Identifikasiyon Avoka Nyoudjèze* vid.
- C.** Nan seksyon pou enfòmasyon pleyan a, mete non, adrès ak nimewo telefòn lajounnen pleyan a. Asire w byen ke w tcheke kazyé si adrès ak/oswa nimewo telefòn pleyan a chanje de dat ou te depoze reklamasyon a.
- D.** Nan seksyon pou enfòmasyon akize a, ekri non (non yo), adrès aktyèl (adrès yo) ak nimewo telefòn lajounnen (nimewo telefòn yo) akize a (akize yo) ki enimere sou plent la.
- E.** Nan pati a dwat sou fòm la, ekri non Konte a/*County* epi *Docket No.* nimewo tribinal la deziye ba ka a. (W ap kab jwenn enfòmasyon sa a nan plent ke yo depoze kont ou a).
- F.** Chwazi kazyé (kazyé yo) ki koresponn pou endike si w ap depoze yon Pati *Counterclaim, Cross-claim* ak/oswa *Third Party Complaint/Reklamasyon* pou Kontrekare, Reklamasyon Tyès Pati ak/oswa Reklamasyon pou Asiyen yon Tyès Pati.
- G.** Nan Seksyon anba *Defendant denies owing the debt to the Plaintiff/Akize a nye ke li dwe Pleyan a*, tcheke deklarasyon apwopriye a ki etabli pouki w kwè ou pa dwe Pleyan a lajan (chwazi tout sa ki aplike up); oubyen chwazi kazyé ki make "Other"/Zòt epi eksplike pozisyon ou.
- H.** Nan paj 2 a, tcheke tout kazyé ki koresponn yo epi bay yon deklarasyon tout done yo de pouki Pleyan a (pleyan yo) ak/oswa akize ki nonmen a (nonmen yo) ak/oswa tyès pati akize (akize yo) antò.

Nan pati anba *Defendant's Demand /Sa Akize a ap mande (si li ta aplike)*, founi montan w ap mande a (konbyen ou panse yo dwe w) ak adrès tyès pati ki akize a.

- I.** Endike si w vle yon jijman devan jiri. Si se sa, chwazi deklarasyon ki koresponn avek li - demann pou jijman devan jiri (*trial by jury requested*) oswa demann pou jijman devan jiri epi aplikasyon pou egzansyon frè déjà soumet (trial by jury requested and I have submitted an application for a fee waiver).

Anekse swa yon chèk oubyen money order ak montan korèk la (frè pou jiri, frè Repons, frè sèvis - al nan paj 1) peyab a *Treasurer, State of New Jersey* oubyen ranpli aplikasyon pou

egzansyon frè a. (Pou depoze yon demann pou egzansyon frè itilize blòk done [11208 - Kijan pou Prezante yon demann pou Egzansyon Frè-Tout Tribunal](#) (How to File for a Fee Waiver - All Courts), ke w a va jwenn nan Sant Oto-Asistans nan [njcourts.gov](#)).

- J. Nan seksyon ki make *At the Trial, Defendant requests*, Notifye si w ap bezwen entèprèt ak ki lang. Aprè sa. endike si w ap bezwen aranjman espesyal pou enfimite epi espesifye ki tip aranjman w ap bezwen.
- K. Nan pati Sètifikasyon a, tcheke kazye ki aplike nan **chak seksyon**, epi notifye tribunal la de nenpòt ki lòt dosye ki ta gen pou wè ak menm pati yo. Founi enfòmasyon konsènan lòt reklamasyon oswa lòt pouswit sivil (si ta gen kèk), epi notifye tribunal si okenn nan lòt pati sa yo ta fèt pou enkli nan reklamasyon sa a.
- L. **ENPÒTAN:** Revize ak atansyon tout Sètifikasyon ki fèt yo epi retcheke ke w obeyi egzijans tout Sètifikasyon yo anvan ou pran pwochen pa a. Sa vle di, ke w fèt pou asire w ke w pap bezwen mennen yon lòt moun nan ka a oubyen ou notifye tribunal la si ta gen bezwen pou ajoute yon lòt pati nan ka a. Youn nan egzanp pi komen yo se lè yon lopital ap asiyen yon pasyan pou bòdwo ki pa peye, men pasyan a kwè ke se konpayi asirans la ki ta fèt pou peye. Konpayi asirans la fèt pou li nan ka a tou.
- M. Si *Repons* (Fòm A) oswa nenpòt nan kopi papye yo ke w anekse a repons la ta gen nimewo Sekirite Sosyal, nimewo lisans kondwi, nimewo plak machinn, nimewo polis dasirans, kont finans ki aktif, oswa nimewo kat kredi, oswa enfòmasyon sou stati militè endividé a, ou fèt pou edite (bife) enfòmasyon sa a pou yo paka wè l, amwens ke nimewo idantifikasiyon pèsonèl sa yo oblige enkli daprè lalwa, règleman, direktiv administratif oswa lòd tribunal. Si se yon kont finansye ki lakòz reklamasyon a epi pa gen lòt fason pou idantifye li, ou ta met itilize kat dènye chif kont la pou idantifye li. Yon fwa ou finn konfime ke okenn nan idantifikasiyon pèsonèl sa yo sou papye ke w ap ranpli yo, ou fèt pou siyen ak make dat Sètifikasyon an ki di "*I certify that personal identifiers have been redacted from documents now submitted to the court and will be redacted from all documents submitted in the future in accordance with Rule 1:38-7(b).*"
- REMAK: Pa edite** (bife) enfòmasyon sa a nan dokiman orijinal yo ke w kenbe pou tèt ou piske w byen kab oblige montre yo nan tribunal la a yon moman done.
- N. Sou liy ki parèt anlè tèt *Dated*, enprime byen klè oswa tape dat jou ou siyen fòm la, siyen non ou sou liy ki make *Defendant's Signature* epi enprime klè oswa tape non nan liy ki parèt anba siya ti w.
- O. Si w ta renmen kopi tout dokiman oswa papye ki refere nan Plent la tcheke kote ki make *Demand for Production of Documents* ki nan bout final paj la.

Revize tout pa yo pou wè si tout bagay konplè anvan ou voye fòm yo ale pa lapòs.

Form A

NOTICE: This is a public document, which means the document as submitted will be available to the public upon request. Therefore, do not enter personal identifiers on it, such as Social Security number, driver's license number, vehicle plate number, insurance policy number, active financial account number, active credit card number or military status.

Filing Attorney Information or Pro Se Litigant

Name _____

NJ Attorney ID Number _____

Address _____

Email Address _____

Telephone Number _____

Plaintiff's Information Check if new address/phone number

Name _____

Superior Court of New Jersey

Law Division, Special Civil Part

County _____

Docket Number: DC _____

Address _____

Email Address _____

Telephone Number _____

vs.

Defendant's Information

Name _____

Counterclaim

Address _____

Cross-claim

Email Address _____

Third Party Complaint

Telephone Number _____

Civil Action Answer and

Defendant denies owing the debt to the Plaintiff. Check the appropriate statement(s) below which set forth why you claim you do not owe money to the plaintiff or owe less than the Plaintiff is claiming.

- The bill has been paid.
- The dollar amount claimed by the plaintiff(s) is incorrect.
- The claim or the amount of the claim is unfair. (*Must explain below*)
- The goods or services were not received.
- The goods or services received were defective.
- I/We did not order the goods or services.
- I am a victim of identity theft or mistaken identity.
- The time has passed for plaintiff to sue on this debt.

Form A

- This debt has been discharged in bankruptcy.
- A lawsuit was previously filed, and the claim has been resolved. (*Must explain below*)
- Defendant is in the military on active duty.
- Plaintiff did not file this lawsuit in the proper place. (*Must explain below*)
- Other – Set forth any other reasons why you believe money is not owed to the plaintiff(s). (You may attach more sheets if you need to.)

- I have a claim against the plaintiff(s). (Counterclaim)
- I have a claim against another defendant(s). (Cross-claim) _____
- I have a claim against the following 3rd party (new party) (Third-Party Complaint):
You **must** provide a statement of facts below as to why the plaintiff(s) and/or named defendant(s) and/or third party defendant(s) are at fault: (You may attach additional sheets if necessary)

Defendant's Demand:

I have a claim and demand judgment for \$ _____, plus interest, costs, attorney fees, if any, and such other relief as the court deems proper.

Third-Party Defendant(s)

Name _____

Address _____

Email Address _____

Telephone Number _____

- Trial by jury requested; an extra \$100 cash, check or money order is submitted.
- Trial by jury requested; and I have submitted an application for a waiver of the \$100.00 fee.

The Judiciary will provide reasonable accommodations to enable individuals with disabilities to access and participate in court events. Please contact the local ADA coordinator to request an accommodation. Contact information is available at njcourts.gov.

Form A

The New Jersey Judiciary provides court-interpreting services. If you need an interpreter, notify the court as soon as possible. Contact information is available at njcourts.gov.

Certification

I certify, to the best of my knowledge:

Must check one

- that the above matter is not the subject of any other court action or arbitration proceeding now pending or contemplated, or
- that the following actions or arbitration proceedings are pending or contemplated

AND

Must check one

- that no other parties should be joined in this action; or
- that the following persons or entities should be joined in this action

I certify that confidential personal identifiers have been redacted from documents now submitted to the court and will be redacted from all documents submitted in the future in accordance with *Rule 1:38-7(b)*. I further certify that this answer was served by me upon all existing parties.

Dated

Defendant's Signature

Defendant's Name - Typed or Printed

- Demand for Production of Documents Pursuant to R. 4:18-2.** By checking this box, demand is made for production of all documents or papers referred to in the pleading for which this answer is provided, within 5 days of this demand.